Шэджэм псым пІалъэкІэ тралъхьа лъэмыжым транспортыр щызекІуэу хуежьащ. Абы еплъащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А.

«Кавказ» федеральнэ автомобиль гъэзэгум хиубыдэу Шэджэм псым пІалъэкІэ тралъхьа лъэмыжыр дыгъуасэ къызэІуахащ. Абы еплъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым и бадзэуэгъуэ маззм псыр къыщыиуам ищъхэрабгъу лъэмыжыр зытеть пкъохэм ящыщ зыр тІысри, абы транспортыр щызекІуэну шынагъуэ хуат. Арац псори ипщэрабгъу лъэмыжым щызекІуэу щытпортыр Іувти, псом хуэмыдэу пщэдджыжьхэмрэ пщыгъэщхьэхэмрэ, зэтрихьэрт.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм Урысей Федерацэм Транспортымкіэ министерствэм лъэІыкІэ зыхуигъэзащ транспортыр пІалъэкІэ щызекІуэн лъэмыжр тралъхьэну. Ар иджы хьэзыр хуащ.

«Мыр гугъуехьышхэт, автомобилистхэми я Іуэхур хуабжьу къилъэхъэрт. Псом хуэмыдэу абы зэранигъэшхэу кьаритырт Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу федеральнэ гъэгур кьэзыгъэсэбэпхэм. ФІыщІэ яхузощІ Урысейм Транспортымкіэ и министерствэм, мы Іуэхур дэгъэкІыным гулъытэ хэха хуэзыщІа министр Соколов Максим Юрий и кьуэм. Апхуэдэу псалъэ гуапэхэр яхуэфащэщ гъэзэгу хозяйствэмкІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм. Ахэр хуабжьу жэуаплныгъэ яхэлъу Іуэхум бгъэдэтащ. ПІалъэкІэ тралъхьа лъэмыжыр кьагъэсэбэпу зэрыхуежьар дэІэпыкъуэгъу зыунущ лъэмыжыщІэр и зэманым яухынымкІэ. Абы теухуауэ зэхалъхьа лэжьыгІэ псори 2018 гъэм и кІэухым ирихьэлІэу зэфІэкІыну дыщогугъ», - жиІащ КІуэкІуэ Ю.А.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

ФИФІ ФЫМЫГъЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТымрэ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№231 (23.639) ● 2017 гъэм дыгъэгъаззм (декабрым) и 1, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым

«Зэрэгъыж» туркластерым зегъэужьыным хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Унафэщі Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ Президиумым и зэІущІэ. «Правительствэ сыхьэт» Іыхьэм хьэхьэу депутатхэр едэІуащ республикэм «Зэрэгъыж» автотуркластер къыщыуэгъэпэщыным хуэунэтІа инвестицэ проектыр зэрыщагъэзащІэм теухуауэ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр Щоджэнщ1ыкІу Мурат жиІэхэм.

АБЫ и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, 2014 гъэм къыщыщІэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр ящыщщ «Урысей Федерацэм 2011 - 2018 гъэхэм къэрал кІуэцІ, къэрал щыІэ туризмэм зыщегъэужьын» федеральнэ программэр щагъэзащІэхэм. Къэдгъэльагъэмэ, «КъБР-м и Налшык кьалэ, Щэджэм, Щэрэдж щыналъэхэр зэлъэзыгъэІэс «Зэрэгъыж» автотурист кластерыр зэтегъэувэн» инвестицэ проектым хьыхьэу гектар 30-м нэблагъэм ухуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІынущ.

Зи гугъу тщІы программэр гъэзэщІа хъун папщІэ, федеральнэ бюджетым къыхэкІыу КъБР-м и республикэ бюджетым субсидиехэр кьыІэрыгъэхьэныжкІэ япэ зэгурыІуэныгъэр 2014 гъэм зэращІылІауэ щытащ. Абы ипкъ иткІэ Жэмтхьалэ псым и Іуфэхэр ягъэбыдащ. Кьыкіэльыкіуэ илъэсым Хыжьей Щхъуантіэхэм ящыщу и лъабжьэм щыІэмрэ льагапІэр «зи хэщІапІэмрэ» зэпызыщІэ автомобиль зекІуапІэр, Аруан - Ўштулу федеральнэ гъэгум къыхэкІыу Аушыджэр псы хущхъуэхэм хуэкІуэр, Вольнэ Аул - Хьэсэней - Джэрпэджэж автомобиль гъэзэгур ирагъэфІэкІуащ.

2014 гъэм бюджетым щымыщу сом мелуан 942,96-рэ трагъэкІуэдащ туристхэм хуащІа «Чэруанакіуэ» («Кавраван») хьэщІэщыр, «Ўштулу» щагкІуэ пщІантІэр, «Зэрэгъыж» автотурист комплексыр, «Crystal-Palase» парк-хьэщІэщыр, «Псы хущхъуэхэр» зыгъэзэхупІэр егъэфІэкІуэным.

Апхуэдэу 2015 гъэм щІадзащ кьалэн куэд зыгъэзащІэ «Налшык-Ищхъэрэ», «Налшык-Ипщэ» комплексхэр, автовокзал хуэдэуи щытыныхэр, ухуэныр. Зэрагъэзыхуам тету елэжьмэ, ахэр 2018 гъэм хьэзыр хъунущ.

2017 гъэм и мазаем Ростуризмэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ сом мелуан 209,88-рэ кьызэрагъэхьэрычэтын зэгурыІуэныгъэ зэращІылІащ. Абыхэм ящыщу сом мелуани 160-р федеральнэ мылъкущ, сом мелуан 49,8-р республикэм ейщ.

Щоджэнщ1ыкІу Мурат кьыхигъэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и турист-рекреацэ комплексым зегъэужьын» кьэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн зэрыхуейр, апхуэдэ лэжьыгъэри, щІадзауэ, зэрырагъэкІуэкІыр. Апхуэдэуи, дызыхуэкІуэ илъэсым субсидиехэр кьызэрыхуаугъэІыпщынум ехьэлІа зэгурыІуэныгъэр зэращІылІэн мурадкІэ, 2018 гъэм тещІыхьа республикэ бюджетым зэгъэзэхуэжьныгъэхэр халъхьэнущ.

Федеральнэ бюджетым кьыкі субсидиехэр зэрагъэмэщІэнум, ахэр 2018 гъэм сом мелуани 135-м зэрынагъэсынум кьыхэкІыу, «Налшык-Ипщэ» комплексым теухуа проект-сметэ тхылъхэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ.

Щоджэнщ1ыкІу Мурат и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, Іуэху псори зытрауха зэманым кьриубыдэу зэфІэгъэкІ.

УхуэныгъэмкІэ, ЖКХ-мкІэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ комитетым и унафэщІ **Гриневич Валерий** жиІащ капитальнэ ухуэныгъэм и Іуэхуэгъэ зэкІэлъыгъэкІуэныжкІэ управленэ щхьэхуэ кьызэрагъэпэщыну зэрыфІэкъабылыр. Ар кІэлъыплъыфынущ мылъкуэ къызэрагъэсэбэп щыкІэмри, ухуэныгъэр хухаха пІалъэм къитІасэу зэрызэфІагъэкІми, нэгъуэщІхэми.

Депутатхэр, кьэпсэльэпІэм итым зыхуагъаззу, щІэупщІащ КъБР-м и щыналъэм пхыкІ федеральнэ гъэгум и щытыкІэм, республикэм «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м хуиІэ зэхущытыкІэхэр зыхуэдэм, инвестицэхэр туризмэм и Іэнатіэхэм хэлъхьэныжкІэ щыІэ Іэмалхэм.

Хэхауэ яхъумэ щыпІэхэм ящыщу, Іуащхьэмахуэ и дыгъэмыхъуэ лъэныкъуэмкІэ хъыщыщІэк псы хущхъуэхэм я Іэгъуэблагъэм, «Аушыджэр» зыгъэхъужьыпІэ комплексым, «Налшык» курортым я гъунапкъэхэр щыгъэбелджыла тхылъхэр ягъэхьэзырын зэрыхуеймэ гу лъыриІэтащ КъБР-м и Парламентым Мэкъумащ политикэмкІэ, экологиемкІэ, щІыуэпсыр кьэгъэсэбэпынымкІэ, щІы зэхущытыкІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Щхьэгъэпсо С'фарбий**.

«Турист-рекреацэ кластерым зегъэужьыныр мыхьэнэхуэ зиІэ кьэлэнхэм ящыщ зыщ. А унэтІныгъэм екъэлІа Іуэхуэгъэ дэ зэгъуэгу зэфІэдгъэкІынущ. Хабзэгъэуэ Іэнатіэм, абы и зэфІэкІхэм я гугъу тщІымэ, дэ сыт щыгъуи дыхьэзыкІ дывдэлэжьэну», - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м и Парламентым и Президиумым мы Іуэхум егъэщІылІа къулыкъущІапІэхэм хуэгъэзащ чэнджэщхэр игъэхьэзыращ.

Президиумым хэтхэр тепсэльыхьащ федеральнэ законхэм я проектхэм, УФ-м и нэгъуэщІ щыналъэхэм щыщ я лэжьыгъэхэм кьыхалъхьа хабзэгъэуэ жэрдэмхэм.

КъУМАХУЭ Аслъэн.

● Зэхуэсхэр

Гъэлъэгъуэныгъэ гъэщІэгъуэнхэр

Ингуш Республикэм и къалащхьэ Магас къыщызэІуахащ Кавказ Ищхъэрэм и хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я V зэхуэсышхэхэр. Журналист, къулыкъущІэ, пресс-Іэнатіэхэм я лэжьакІуэ, блогер 500-м щІигъу махуитІкІэ тепсэльыхьынущ медиа-Іэнатіэм и Іуэху зыІутымрэ КИФЩІ-м хьыхьэ хэгъэгухэм я хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэм я лэжьыгъэр зэрегъэфІэкІуапхъэ Іэмалхэмрэ.

ХАБЗЭ зэрыхъуэм тету, зэхуэсым и Іыхьэ нэхъ гъэщІэгъуэнхэм ящыщщ щІыналъэ СМИ нэхъыщІхьэхэм я ехъулІэныгъэхэмрэ зэфІэкІхэмрэ щагъэлъагъуэ утыкуэхэр. Телекомпаниещ1эр лажьэу абдеж щегъэжьэныр, эфир занщІэхэр кьызэгъэпэщыныр, кьэкІуэнум и телевиденэр зыхуэдэнэр къэгъэлъагъуэныр - апхуэдэ гъэщІэгъуэн куэд утыку кьрахьэнущ хэгъэгу журналистхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым абы щегъэлъагъуэ республикэм кьыщыдокІ газетхэмрэ журналхэмрэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и лэжьыгъэм щыщ, «Къэбэрдей-Балъкъэр» каналым и телевиденэ станцым зэІущІэр зэрекІуэкІыр кьитыкьынущ.

Осетие Ищхъэрэм и экспозицэр, хъыбарегъащІэ Іэнатіэ 40-м нэс кьыщыгъэлъагъуар, зытеухуар щІыналъэ СМИ-хэр зэгухьэу, телевизионнэ сетхэмрэ спутник вещанэмрэ я Іэмалхэр кьагъэсэбэпу, дунейпсо хъыбарегъащІэ утыку ихьэныщ. Ставропольем и гъэлъэгъуэныгъэри куэдкІэ ефІэкІуащ, адрей гъэхэм елъытауэ. Зэман зэхуэмыдэхэм ягъэхьэзыру щыта куэдкІыгъуэхэм, абы «Ставропольская правда» газет нэхъыжь дыдэри хэтыжу, нэмыщІ, мыбыхэм утыку кьрахьащ щІыналъэм и щІыпІэ дахэхэр кьызытещ стендхэр.

«ХъыбарегъащІэ Іэмал дызэсахэм кьытекІауэ иджырейхэм хуэкІуэн» гупсысэм щІэту игъэхьэзыр щІымыси программэхэр ирагъэкІуэкІ зэрыхьунур кьагъэлъэгъуэну.

Зэхуэсыр иухьыу мы гъэлъэгъуэныгъэр екІуэкІынущ, щыхухэр сТІол хуэрейхэм, мастер-классхэм кьащыдэхуэм дэк кІуэурэ еплъын хуэдэу.

Кавказ Ищхъэрэм и хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я V зэхуэсым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Геккиев Заур «Урысей зэкъуэт» партым и проектыр зэрагъэзащІэм еплъащ

«ЖылагъуэмЩэнхабзэмкІэ и унэ» парт проектыр Іуащхьэмахуэ районым щыщ ЛашкІытІэ кьуажэм зэрыщагъэзащІэм еплъащ Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур.

АБЫ щыІуащ Іуащхьэмахуэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Залиханов Кьанщобий, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Кьумахуэ Мухьэдин, ЛашкІытІэ кьуажэм и Іэтащхьэ Малкаров Елдар, энергиекІэ, газкІэ, псыкІэ жылагъуэр кьызэзыгъэпэщ Іуэхущ Іапіэхэм я Метр зэбгъуэнатІэ 430-м нэс кьызэрыкІунэм и пэшышхуэм щІыхуэ 200 щІэхуэнущ. Ар зэтралъхьэри и кІуэцІкІи и щІыбкІи кьращІыкІыжащ, зыхуэфащэ иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ кьызэрагъэпэщащ. Кино, театр гъэльэгъуапІэ пэшышхуэм мыгувэу кьашэнурэ щэнтжьей щабэхэр щІагъэувэнущ.

Щэнхабзэмкіэ унэщІэм текІуэда ахъшэм и нэхъыбапІэр федеральнэ бюджетым кьиутІыпщащ. Езым хуэфащэ Іыхьэр абы республикэми хилъхьащ.

ТАРИМ Алисэ.

● Дыгъэгъаззм и 1-р СПИД узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ

Фи узыншагъэр щІэх-щІэхыурэ къэфпщытэ

Дуней псор зэлъэзыщІыса узыфэщ СПИД-р. А узыфэм илыкІхэмрэ ар зыпкърытхэмрэ я бжыгъэм кІуэ пэтми зэрыхэхъэж къыщыпщІэкІа, жылагъуэм дежкІэ абы иІэ шынагъуэр зыхуэдэр кьыбгуроІуэ.

1988 ГЪЭМ кьэрал псоми узыншагъэр хьумэныжкІэ и министрхэр зэхуэсри, а узыфэ шынагъуэм цІыхухэр щахъумэныжкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм тепсэльыхьащ. Нэхъыщхьэуи абы щыгъуэм кьыхагъэщ1ауэ щытащ СПИД-м кьыпхуихь тхъэмыщкІагъэр зыхуэдэр щІыхуэхэм кьагурыІуэн зэрыхуейр. Абы и ужькІэ дыгъэгъаззм и 1-р СПИД-м ебэныным и дунейпсо махуэу ягъэуваща.

Медицинэм и закъуэкІэ узыпэлъэщын узыфэкъым ар - абы цІыхубэм я кьару псори хуэзэщІэгъэуІэн хуейщ.

СПИД-м и дунейпсо махуэр щагъэлъапІэм ирихьэлІэу Социально-щэнхабзэ жэрдэмхэмкІэ фондым жылагъуэ зэгухьэныгъэ, кьэрал Іуэхущ1апІэ зэмылЫэжьыгъуэхэр и гъэсэу щэкІуэгъуэм и 27-м щегъэжьауэ дыгъэгъаззм и 3 пщІондэ Урысейм щрегъэкІуэкІ «СТОП ВИЧ/СПИД» урысейпсо акцэр.

ВИЧ узыфэ зэрыщІалэхэм земыгъэубгъуным пэщІэтыныжкІэ проектым ди кьэралым лэжьэн щыщІидзащ 2016 гъэм и пэщІэдзэм. Іуэхум и кьызэгъэпэщакІуэ комитетым и нэхъыщхьэр Социально-щэнхабзэ жэрдэмхэмкІэ фондым и президент, «Урысейм кьыщІэхъуэ щІэблэм и псэкупсэ-гъэсэныгъэ щэнхабзэ» программэм и Попечительскэ советым и унафэщІ Медведевэ Светланэщ.

Мы зэманым Урысейм щопсэу ВИЧ зыпкърыту цІыху мин 900-м щІигъу. Абы щыгъуэми иужьрей илъэсхэм узыфэм зэрызиубгъуэм кІэрыхуащ. Апхуэдэу 2011 - 2015 гъэхэм илъэс кьэс ар зыпкърыту кьахутэхэр ику иту проценти 10-м нэблагъэ щытамэ, 2016 гъэм проценти 5,3-м нэсащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрми я узыфэр зиІэу кьахутэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ щыхьэуащ. 2017 гъэм и мазаем 10-р къапщтэмэ, республикэм ар яІэу щатхащ цІыхуэм 165-рэ. 2016 гъэм и апхуэдэ зэманым ахэр 168-рэ хьууэ щытащ. Ди жагъуэ зэрырыхъунщи, республикэм и щІыналъитхуэм - Іуащхьэмахуэ, Май, Шэджэм, Аруан, Прохладнэ районхэм, Налшык кьалэм - а узыфэр зыпкърытхэм я бжыгъэм щыхэхъуащ.

ИрагъэкІуэкІа кьэхутэныгъэхэм кьызэрагъэпэзгъуамкІэ, ВИЧ-р зыпкърытыр илъэс 20 - 40 ныбжьым итхэрщ. 2017 гъэм а узыфэр яІэу кьахутахэм ику иту я ныбжьыр илъэс 37-рэ мэхъу. Абы и льэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ щытыкІэм зегъэхъуэжьныжкІэ узыфэр зыхуэдэм, абы кьишэ шынагъуэр зищІысым хэзыгъэуазэ зэІущІэхэр жылагъуэм я деж щегъэкІуэкІыпхъэщ.

2017 гъэм СПИД-м пэщІэтыным и дунейпсо махуэм хуэгъэпсауэ кьызэрагъэпэщ зэхьхьэжэр «Си узыншагъэр, си хуитныгъэр» кьыхуеджэныгъэм щІэту екІуэкІынущ. Апхуэдэ Іуэхум и кьалэныр узыфэм зэрызиубгъумкІэ щыІэ щытыкІэ гугъум жылагъуэм гулъытэ хуегъэщІынырщ, абы кьишэ шынагъуэр зыхуэдэм цІыхуэр нэхъ куууэ щыгъэгъуэзэныщ.

«СТОП ВИЧ/СПИД» Іуэхум хэту дыгъэгъаззм и 8 пщІондэ Роспотребнадзорым и кьудамэу КъБР-м щыІэм «линие пщтыр» кьыщызэрагъэпэщауэ щолажьэ. Іуэхущ1апІэм и Іэщ1агъэпІэхэм ВИЧ узыфэ зэрыщІалэм теухуауэ цІыхухэм яІэ упщІэхэм жэуап иратынущ. Абы лэжьэгъуэ махуэхэм сыхьэти 9-м щегъэжьауэ 18 хьэхуу упсалъэ хъунущ мы телефонхэмкІэ: 42-19-83, 42-26-78.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

НОБЭ

♦СПИД узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦Исландием и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ. 1918 гъэм къызэрагъэпэщащ Дание пащтыхьыгъуэм хэт Исландие къэралыгъуэр.

♦Португалием и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ

♦1255 гъэм нэмыщхэм Кёнигсберг быдапІэм (иджы кьалэщ) и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

♦1800 гъэм Вашингтон Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я кьалащхьэу кьалъытащ.

♦1891 гъэм Канадэм щыщ тренер Нейсмит Джеймс баскетбол джэгукІэр кьиугупсысащ.

♦1917 гъэм Тэрч-Дагъыстэн правительствэ кьызэрагъэпэщат.

♦1933 гъэм Москва Литературэ институт кьыщызэІуахащ. Абы тхакІуэ цІэрыІуэ Горький Максим и цІэр зэрехьэ.

♦1934 гъэм Ленинград щаукІащ парт лэжьакІуэ Киров (и унэцІэ дыдэр Костриковщ) Сергей.

♦1941 гъэм нэмыщхэм Къуэбыдэ ящыдащ.

♦1943 гъэм СССР, США, Инджылыз къэралыгъуэхэм я унафэщІхэу Сталин Иосиф, Рузвелт Франклин, Черчилль Уинстон сымэ зыхэта конференцыр Тегеран щызэхуащІыжащ.

♦1945 гъэм Париж къыщызэрагъэпэщащ ЦІыхубзхэм я дунейпсо демократие федерацэр (МДФЖ).

♦1959 гъэм Антарктидэр мамыр мурадхэм кьыхуэгъэсэбэпыным теухуа дунейпсо зэгурыІуэныгъэ къэрал 12-м зэращІылІащ. Абы зэрыщІыубзыхьамкІэ, а щІыналъэр дзэ хуэІухуэщІэ сыт хуэдэми кьыхуагъэсэбэпыну хуиткъым. А зэгурыІуэныгъэм мы зэманым кьэрал 46-рэ хэтщ.

♦2001 гъэм «Урысей зэкъуэт» партыр кьызэрагъэпэщащ.

♦2005 гъэм, Пермскэ областымрэ Коми-Пермяцкэ автономнэ округымрэ зэхагъэхьэри, Урысей Федерацэм и щІыналъэщІэ - Пермскэ край - кьэунэхуащ.

♦2011 гъэм Кьэзахъстанми я кьалэ нэхъ инхэм ящыщ Алматы метрополитен лажьэу щаутІыпщащ.

♦Урыс математик цІэрыІуэ **Лобачевский Николай** кьызэрахъуэр илъэс 225-рэ ирокъу.

♦Совет дзэзешэ цІэрыІуэу щыта, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым плІэнейрэ и ЛІыхъужь, «Текіуэныгъэ» орденыр тІэунейрэ зрата **Жуков Георгий** кьызэрахъуэр илъэси 121-рэ ирокъу.

♦Совет футболист, хоккеист, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, СССР-м щІыхь зиІэ и гъэсакІуэ **Бобров Всеволод** кьызэрахъуэр илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Адыгэхэм я блэкІар кьэхутэжьныжьмрэ джыныжьмкІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІэзыгъэкІа, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Алексеевэ Евгение** кьызэрахъуэр илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессорэу щыта **КІэш Антонинэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦УэрэджьІакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Сосмакъ Валентинэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Композитор, АР-м гъэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Сихъу Рэмэзан** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лажьакІуэ **Джэш ФатІимэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Эстрадэм и театру Москва дэтым и унафэщІ, УФ-м и цІыхубэ артист, жылагъуэ лэжьакІуэ **Хазанов Геннадий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 4, жэщым щІыІэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Къуэ уиІэмэ, нысэ уиІэщ.

«2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Республикэ бюджетым (адзкІэ - республикэ бюджетщ) и бжыгъэ зэхьыщхьэхэм зэпльауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. «2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм быхьилъхьар, япэ къеджэгъуэу къэщтэн.

2. Чэнджещ етын:

1) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм:

а) «2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым етІуанэ кеджэгъуэу щыхэплъэну япэ кьухуэу 2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькыр приватизацэ щІыныжкІэ зыхъуэплъэжам ятещІыхьауэ ягъэтэмэныжа планыр (программэр) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщыхилъхьэну;

б) 2018 гъэм и республикэ бюджетыр щигъэзащІэкІэ куэдым емыуасІэ (орфан) уз хьэлъэхэр зыпкърыгъэм я тхьэусыхафэхэм, апхуэдэу хущхьэхэр пщІэнэзу е процент 50-кІэ нэхъ пуду эратын хуейкэм я тхьэусыхафэхэм япкъ иткІэ къащта суд унафэхэр гъэзэщІэным текІуэдэну бюджет ахъшэр къилъытэну;

в) эфир телевещанэр спутникхэр къэзыгъэсебэп, бжыгъэхэр зи лъабжьэ ещанэм ягъэува пІалъэхэм къриубыдэу хуэгъэкІуэн мурадкІэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК» къэрал кІэзонэ Іэхущ щІапІэм и технологие лъабжьэр къэгъэщІэрэщІэжьым пыщІа Іуэху псори дгъэкІыныр кьызэрыгъэпэщыну;

г) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хэхъуэ псори кьызэрызэщІагъэуІуэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым налог ахъшэу, налогыу щымыт хэхъуэу кьыІэрыхьэр нэхъыбэ щыным зэрыкІэпльыпльыр гъэткІиинымкІэ зыхуэфащэ псори илажьыну;

2) Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщхьэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ Пльпкъ банкым:

а) пІалъэкІэ хуаутІыпщ ахъшэр зэрызэблагъэкІым кІэлъпльпъэн папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъаКІуэ органхэм, республикэм и къэрал, муниципальнэ Іэхущ Іапі эхэм, муниципальнэ щІынальхэм я финанс органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховань эмкІэ и щІыналъэ фондым, бюджетым щымыщ щІыналъэ къэрал фондым и ахъшэ зратхэм Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщхьэм и Іуэхущ Іапі эхэмрэ кредит организацэхэмрэ кьыщыхуэзІуэх счётхэм ятеуха информацэр квартал кьэс Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкі э и министерствэм иритыну;

б) Урысей Федерацэм и законодательствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэм кьагъэувкэм кьемыязгъэпу мы пунктым и «а» пункт кьуэдзэм кьыщыгъэлъэгъуа счётхэм ящыщу Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщхьэмрэ кредит Іуэхущ Іапі эхэмрэ кьыщызІуаха счётхэр зэхуамылыжауэ кьыщІагъэщамэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкі э и министерствэм игъэува хабзэм тету апхуэдэ счётхэр зэхуэщІыжыныр кьызэрыгъэпэщыну;

3) щІыпІэ унафэр зезыгъаКІуэ органхэм чэнджещ етын муниципальнэ кьулыкьущІэхэр, муниципальнэ Іэхущ Іапі эхэм я лэжьакІуэхэр штаткІэ нэхъыбэ зыщІ, апхуэдэу абыхэм ятекІуадэм хэзыгъахъуэ унафэр кьамыщтэну.

3. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щыІэ фракцэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, щІыпІэ унафэр зезыгъаКІуэ органхэм яхуеГъэхьын.

4. «2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым, япэ къеджэгъуэу къащтам, халъхьэ зэхьэуэкІыныгъэхэр 2017 гъэм дыгъэзаэзэм и 7-м нэсыкУ яГъэхь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкі э, налогхэмкі э, финансхэмкі э и комитетым.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкі э, налогхэмкі э, финансхэмкі э и комитетым и пщІэ илъхьэн къыхалъхьэ зэхъуэжкІыныгъэхэр къэлъытауэ законопроектым елэжьыжьну икІи абыхэ етІуанэ кеджэгъуэу хэпльэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым иритыну.

6. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм щэкІуэгъуэм и 23-м
№778-П-П

«2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховань эмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. «2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховань эмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьыхилъхьар, япэ кьеджэгъуэу къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкі э, налогхэмкі э, финансхэмкі э и комитетым и пщІэ илъхьэн къагъэхьа тхыгъэхэмрэ зэхъуэкІыныгъэхэмрэ я законопроектым елэжьыжьну икІи етІуанэ кеджэгъуэу кьищтэн папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыщыхилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм щэкІуэгъуэм и 23-м
№785-П-П

**Щіыхубэ тхыдэм и куэдщ мыхьэнэ абрагъуэ зиІа къэхъукъащІэхэр, Іуэхугъуэхэр. Апхуэдэхэм ящыщщ 20-нэ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм, 1917 гъэм и мазае - жэпуэгъуэ мазэхэм, апхуэдэуи 1918 - 1920 гъэхэм Урысейм кьыщыхъуауэ щыта зэхъуэкІыныгъэ иныр. 1917 гъэм и жэпуэгъуэм кьэхъуауэ щыта Іуэхугъуэхэм иджы хэти революцэкІэ йоджэ, яэыныкъуэхэми зэхъуэкІыныгъэ фІащ. А тІуми я тельхьэ дымыхьыну, дыхущІэкъунщ а кьэхъукъащІэм щыхубэм я гъащІэм и дежкІэ мыхьэнэуэ иІар зыгурыдгъэІуэным. А лъэхъэнэм Урысей пащтыхыгъуэм иІа щытыкІэр нэхъри нэхъ хьэлъэр ящІырт политикэ, социально-экономикэ я лъэныкъуэкІэ абы и Іуэхур зэІумыбзу зэрыщытым. Къэралыр зыхэт Езанэ дунейпсо зауэрэ зыужьыныгъэм лъэпощхьэпо хуэхъу Іуэхугъуэхэм ящыщт.

АПХУЭДЭ щытыкІэ хьэлъэм Урысейр итт, 1917 гъэм абы Революцэ Иныр къыщыщыхьуам щыгъуэ. Дунейпсо цивилизацэм кьыгъуэда хъуащ мелуан куэд щыпсэу къэралышхуэ. Абы щытепщэ хуэ къэралышхуэ. Абы щытепщэ зэи зыщІыпІи щауХуатэкъым, еджагъэшхуэзкІэ Маркс Карл, Энгельс Фридрих сымэ яхуэдэхэм я пэжыгъэхэм кьыхэща мыхьумэ.

1917 гъэм Урысейм кьыщыхъуауэ щыта зэрыхьэрийм, зэрыхабзэти, ихьащ цыхуэ гъащІэ куэд, мылъку и лъэныкъуэкІи къэралым хэщІыныгъэшхуэ игъуэтащ. АтІэми, апхуэдэ кьэхъукъащІэхэм ядэтлъагъу зэрыхабзэщи, экономикэ, политикэ, социальнэ, гъащІэм и нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэм щыщІэ Іуэхугъэ зэфІэхьыным хуэгъэпса Іэмалхэр кьыкьуокІ. Кьыхэгъэщыпхъэщ? а Іуэхугъуэхэр зэІуб щащІкІэ, щІыхубэм хэщІыныгъэ ин зэрагъэтыр. Зэш зэзауэм хуэкІуауэ екІуэкІа революцэм цІыху куэд зэрыхэкІуэдам кьыдэкІуэу, «лъэпкъым и набдзэ» зыхуэжаІэу къэралыр зэрыгушхуэ ещанэ зэшхуэхэм, зэчий кьыззэрымыкІуэкэр зыбгъэзэдэлъ ди кэкурысхэм ящыщу мащІэкъым хамэ щІыпІэхэм Іэпхъуэу ар псэуПІэ зыщІаХэр. ЖыпІэнурамэ, зэкІэ ящыщ ІыкІ газ зыбгъэзэдэлъ цІыху куэд а лъэхъэнэм фІэкІуэдащ Урысейм. КьыкІэлъыкІуа илъэхэми «властым, цІыхубэм я пІэ» фІащ цІыху мин бжыгъэхэр ягъэкІуэдауэ щытащ. ИтІани, лІэщІыгъуэ блэкІам и пэщІэдзэм псэукІэщІэ зыхуэхуэ щІэзыдза ди къэралым и Іуэхур зэхьэ, сыту жыпІэмэ ябы и жэрдэмщІакІуэ большевикэм я тельхьэ дуней псом щыбгъуэтынутэкъым. А щытыкІэ хьэлъэм иту къэралыгъуэщІэм кьиІэтыжьын хуейт зэтекІуэта хъуэ ящыщ. Зыгъэ ІэпкІ ІыпІи зэм щыщымыІа псэукІэ, хабзэщІэхэмрэ мардэщІэхэмрэ зи джэлэс гъащІэ зэриухуэм и гугъу умыщІыхьхи. Ахэр щызэфІэпхкІэ, Іэмал имыІэу кьэлъытэн хуейт къэралым щыпсэу Іэпкъ псомэ я Іуэху епльыкІэр, я фейдэ зыхэлъыр, зы Іэпкъ гулъытэншэ умыщІу. Урысейм кьыпэщыІ къалэн псоми, жыпІэнурамэ, я нэхъыщхьэу, кьыщІэкІынт а Іэпкъ Іуэхур.

Я мурадэр зыІэрагъэхьэн папщІэ, большевикэм сыт хуэдэ Іэмалми зыщадзэйрэтэкъым. Абыхэм яІащ «зауэ коммунизмэм и политикэ», «мыльКым ебгъэрыкІуэ гвардие плъыжь», «продразвёрсткэ», «продналог», нэгъуэщІ Іуэху зехьэкІэ мардэхэри. ПсэукІэщІэ зэрауха щыкІэм щыхьэт тохъуэ а лъэхъэнэм зыщІэна псалъэхэмрэ псалъэ зэпхахэмри: «лъыифхэр», «гъэпщылакІуэхэр», «цІыхубэм я бийхэр», «зыуи щымытахэр сыти хъущ», «плъыжьхэр», «хужьхэр», н. к. А лъэхъэнэм кьыдэунэхуа псоми я жэуап тэмэмыр Булгаков Михаил кьыщигъэлъэгъащ «Собачье сердце» тхыгъэм.

Властыр кьэзыщта большевикэм кьапэщылъ кьалэн ин дыдэхэм, зэІумыбзэхэм ящыщт кьэралыгъуэщІэм и лъабжьэр Центрми абы кьедза щІыналъэхэми, Кавказ Ищхьэрэри яхэту, щыгъэзбыдэныр. А Іуэхугъуэр зэрекІуар зэкъыпрытхьи и пэкІэ, кьыжаГъэщІынщ дыдэ зэхуэныгъэхэр. Зи гугъу тщІыр, кьапщтэмэ, адыгэхэм езыхэм я кьэралыгъуэ, феодал зэхэтыкІэ мардэм тет псэукІэ яІэжу зэрыщытарщ. «Къэбэрдей», «Шэрджэс» жыхуэтІэхэр зэрыщыІами, абыхэм, Урысейри яхэту, кьэрал куэдым кьалъытэу зэрыщытами арэзы дэмыхъуи щыІэкъым. КьинэмыщІауэ, Къэбэрдейм куэд-мащІэми, и унафэм щІэтащ и гъунэгъу щыналъэхэм щыпсэу Іэпкъ ІыкІэр. АрщхьэкІэ, илъэсыкІэ 100-кІэ екІуэкІа Кавказ Ищхьэрэм и Іэужьу Къэбэрдейм фІэкІуэдащ илэкІэ иІа политикэ, нэгъуэщІ щхьэхуитныгъэхэр, апхуэдэуи ГъунэгъУ Іэпкъхэм я деж щиІэ лъэкІыныгъэми хэщІащ.

Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу бгырысхэм я деж Іэпкъ-кьэрал уХуэныгъэр зэрыщекІуэкІам уКІэльыплъмэ, нэхъ мыхьэнэ ин дыдэ зиІа лъэхъэнэхэм ящыщщ 1917 гъэм и мазае - 1921 гъэм ЫхьэщІыбыдэр. Дыз зэрыщытуаззщи, 1917 гъэм и мазаем пащтыхыр, тридза нэхъ, щыпсэуам кьыщыунэхуащ властитІ: ПІалъэкІэ щыІэ Правительствэмрэ (буржуазием и ІыкІуэу) Советхэмрэ (лэжьакІуэбзэмрэ мэкъумэшыщІэхэмрэ я властыр). Центрым Іуэхур зэрыщекІуэкІым кьыщыхьащІыр щІыналъэхэм ар зэтеубла зэрыщыхьыр. Кьапщтэмэ, Къэбэрдеймрэ Бгырыс (Балъкъэр) жылагъуэхэмрэ зыихьэ Тэрч областым Іэпкъ-кьэрал властыр ГъэУ ныкІэ жэрдэмкІэ щыщащтащ щІыпІэ интеллигенцэм и ІыкІуэхэм. А лъэхъэнэм ирихьэлІэу щІыналъэм щІэтэкъым а Іуэхур зэфІэзыхьыфын нэгъуэщІ политикэ къару. Абы кьыхэкІыу абыхэм я властыр щІыналъэм щыуващ. Ахэр я тельхьэт ПІалъэкІэ щыІэ Правительствэм.

Мазаем кьэхъуа Іуэхугъуэхэм я ужькІэ куэд дэмыкІыу, ГъатхэпэН и 5-м, щІыпІэ интеллигенцэм и ІыкІуэхэр Тэрч щыналъэм и къащІэхъэ Владикавказ щыхэхуэсащ, кьэралым щыщІэ хъуа политикэ щытыкІэм тепсэлъыхьыну. Абыхэм ирагъэкІуэкІащ Кавказ Ищхьэрэмрэ Дагъыстэнымрэ щыпсэу бгырыс зэкъуэтхэм я Комитет Нэхъыщхьэм и хэхьыныгъэхэр. Абы кьыдэкІуэу а зэманым кьызэрагъэпэщащ Тэрч областной Гъэзэщ Іакі уэ комитетрэ Къэзакъыдзэм и правительствэрэ. Апхуэдэу Тэрч щыналъэм иІэ хъуащ ПІалъэкІэ щыІэ Правительствэм и органу щы. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми я лэжьагъэр зыхуэгъэпсар унэтІыныгъэ зырызт, арщхьэкІэ щыми ирагъэкІуэкІыр кьызэрал Правительствэм и политикэрат.

1917 гъэм и ГъатхэпэН и 27-м кьызэрагъэпэщащ Налшык окружной граждан гъэзэщ Іакі уэ комитетыр. Арат Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ унафэр щызыІэщІэлъыр. Урыс лъэпкъым и ІыкІуэхэм кьызэрагъэпэщащ «Урыс гъэзэщ Іакі уэ комитет», «Слободская дума»-кІэ еджэу. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри хуэлэжььэжьрт я лъэпкъ Іуэхур зэрыдэкІыным. Ахэр хъуащ лъэпкъхэм я щхьэхуитныгъэр гъэбелджьыным хуэщІа ягъэ лъабгъуэ.

А лъэхъэнэм ди щІыналъэм и унафэр зыІэщІэлъа властым щытепсэлъыхькІэ, тхыдэ щІэныгъэм ахэр кьызэрыхэщІ цІыхубэм яфІ зезыхъуэ щымыта ІэнатІэхэут. ЦІыхубэм я гъащІэр зэтезыхуэу жаІэр Советхэм я закъуэт, арщхьэкІэ мыбдеж къыжьыІапхъщ а зэманым Советхэри большевикэм я партри ди щІыпІэм иджыри зэрыщымыІар. Къэралыр зэрыхуа щытыкІэ гугъуэм кьишынымкІэ ди щІыпІэм мыхьэнэшхуэ щиІащ лъэпкъ интеллигенцэм хэльа жьыджэрагъым. Большевикэр абыхэм «лъыифкІэ» еджэу, цІыхубэм я бийуэ кьалъытэу щытами, лъэпкъым и фІыпІэт, хэкупсэ нэст, щынэгъэ кІуэрэ зэхэщІыкІ лъагэрэ зыхэлъ я Гъэзэщ Іакі уэ комитетхэм хэтэгъ. ЖыпІэнурамэ, лъэпкъыр зэрыгушхуэт ахэр. Я Іэщ Іагъэхэмкі э щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ цІыхут ахэр. Апхуэдэхэт, псалъэм папщІэ, Чыжьокъуэ Х., Куэщэ П., Абыкъу М., Абэнэкъуэ И., Даутокъуэ-Серебряков З., Щэкъумэн Т., Сэхъу Г., Карачаев В., Урусбиев И., Шаханов Б., нэгъуэщІхэр. Абыхэм кьапэщІэуват щІэныгъэ гуэри зыбгъэзэмыльъ, кьэрал органхэм зэи щымылэжьэ икІи апхуэдэ лэжьыгъэм и пІалъэ зымыщІэ цІыхухэр.

Жылагъуэм захуагъэ щыщыІэным, демократием я тельхьэт Гъэзэщ Іакі уэ комитетхэр. Ар хьэкъ пщохьу, Кавказ Ищхьэрэмрэ Дагъыстэнымрэ щыпсэу лъэпкъхэмрэ я езанэ съездым, 1917 гъэм накъыгъэм и 1-м Владикавказ щызэхуэсам, и утыку абыхэм кьралъхьауэ щыта Іуэхугъуэхэм захуэпщІмэ. Апхуэдэхэт, кьапщтэмэ, бгырыс лъэпкъхэр зауэм зэрыхуущытым, ПІалъэкІэ щыІэ Правительствэм зэрадэлэжьэну щыкІэм, кьэралым щыпсэу нэгъуэщІ лъэпкъхэм хуаІэну пщыІэнгъэхэм, лъэпкъ милиц хьэзгъэпэщыным, Іэщэ зехьэным, кьэралпсо зэхуэсым я ІыкІуэ щыІэным, школ еджэнгъэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным, Бгырыс зэкъуэтхэм я союзым и Комитет Нэхъыщхьэм и газет иІэжьым ЕпхакІэр, нэгъуэщІхэри. Съездым щабэзыхуа политикэ программэм кьыщыгъэпэсыгъуат Урысейм федерацэ уХуэкІэ щыщыІэныр Іэмалышэу кьызэралъытэр. Абы итт бгырыс лъэпкъхэр псори зэкъуэувэу кьэралпсо Гъэзэщ Іакі уэ органым я ІыкІуэ ягъэкІуалхъэу. А Іуэху епльыкІэр

Пагагъэм гуэныхьышхуэ пылъщ

● Уаз

ЦІыхум и хьэл-щэным теухуауэ Алыхьым хьэрэм тщищІа щытыкІипщІым ящыщ зыщ пагагъэр.

АБЫ ЩЫХЬЭТ техъуэу КъурІэным Іэятхэр къыщыкІуащ: **«Ущыземыкіуэ мы щІым уи щхьэр бгъэлъагэу. Уэ щІыр пхуэгъэшынукъым, уи лъагагьри бгым нэсынукъым»**. (Сурэ «Аль Іисра!»). «ЩІыр пхуэгъэшынукъым» псалъэхэм я мыхьэнэр цІыхум и къарукІэ щІыр щыкъуей эримыщІыкІынуращ, Алыхь Іэмырыншэу зыри зэрыпхъэмыкІынур, ДыкъэзыгъэщІам и щІыбагъ къытхуигъаззмэ, зыри дызэримыщІысыр къикІыу аращ. «Уи лъагагьыр бгым нэсынукъым» псалъэхэм я мыхьэнэращи, дапхуэдизу уи щхьэр умыІэтами, уи кІыхьагъым нэхърэ нэхъ лъагэ узэрымыхъунуращ, цІыхум и щхьэр нэхъ лъагэу иІэтыхукІэ, Алыхьым и пащхьэ нэхъ пщ зэрыщыхъуращ.

Удэпсэлъеиныр, адрейм уеПэгэкІыныр щыгъэтауэ, уи щхьэр Іэтауэ узекІуэныр игъэхьэрэмащ Алыхьым. Абы теухуауэ хьэдисми къыщыкІуащ: «Зызыгъэпагэжэм, зи щхьэр лъагэу Іэтауэ зекІуэхэм Къемэт махуэм Алыхьыр губжьауэ КъаІуащІэнущ».

Іиблис гъуэгу мыгъуэм тезышар

Алыхьым и нейр Іиблис щыхуэу и щІыбагъыр щыхуигъэзар Іиблис Іэдэм бегъымбарым зэрепэгэкІаращ. Абы жиІат: «Сэ мафІэм сыкъыхэпщІыкІащ, Іэдэм ятІэм къыхэпщІыкІауэ аращ. Сэ абы нэхърэ сынэхъыфІщ, сыт сэ Іэдэм щхьэщэ щІыхуэсщІынур?!» - жери. Іиблис зэрыпэгаращ Алыхьым и нэлатыр щІытрилъхьари.

Дин щІэныгъэлІхэм епэгэкІыу, абыхэм яхуэмыаРэзы дэтхэнэ зыми къыпэщылъыр аращ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, мусЛъымэнхэм яхэтщ «дин щІэныгъэ зыбгъэдэлъ зыри дунейм тетыжкъым» жызыІэхэр. Апхуэдэ гупсысэкІэ зиІэхэр Алыхьым и пащхьэ щыпудхэращ. Дин щІэныгъэ ззэыгъэгъуэтыну хуейм дин щІэныгъэлІи игъуэтынущ.

КъурІэн лъапІэм къыщыкІуащ пагагъэр зэрыхьэрэмыр, икІи наІуэ къмщІащ абы и хущхъуэгъуэр зыщ: цІыху къудейуэ дызэрыщыгъуэ тщІэжу дунейм дытетныр, сыт хуэдиз фІыгъуэкІэ Алыхьыр къытхуэмыупсами, Абы и щІыбагъ къыщытхуигъэзэ дакъикъэм, зыми дызэримыщІысыжыр зэи зыщыдмыгъэгъупщэнырщ.

Динырылажьэ Джэдгъэф Аслъэн

Бахьсэн ГЭС къуажэм къыщалъхуа Джэдгъэф Аслъэн зэрысабийрэ диным пэблагъэу къэтэджащ. Абы и адэшхуэ-анэшхуэм нэмэз ящІырт, нэщІ исхэт, ислъам диныр ткІийуэ зэрахьэрти, Аслъэни абы щІапІыкІащ.

АР ИДЖЫРИ сабийуэ щІидзащ КъурІэн еджэным, нэщІри нэмэзри пасэ дыдэу къищтащ. Балигъ хъуурэ, Аслъэн школыр екъулІэныгъэкІэ къиуха нэужь, абы мурад ищІащ диныр куууэ иджыну. И мурадыр зригъэхъулІэн папщІэ Аслъэн и тхылъэхэр игъэхьащ Сириием и къалащхьэ Дамаск дэт Дунейпсо ислъам институтым.

- Сэ еджапІэ сыщыкІуа 1990 гъэхэм Дунейпсо ислъам институтым зыри цІыху къамыщтэну щытат. Ауэ ПщыхьэщІэ Іэнас (ахърэт нэхур Тхьэм зритыным) и фІыгъэкІэ, еджапІэ сыкъызэращтэмкІэ тхылъ къысхуагъэхьажащ. А зэманым ПщыхьэщІэр а еджапІэм щІэсти, дэр папщІэ щылъаІуэм, «хьэуэ» къыжраІэфакъым, апхуэдизкІэ ар фІыуэ къалъагъурт, абы пщІэ къыхуащІырти, - игу къегъэкІыж Аслъэн.

Хьэрыпхьэм илъэситкІэ абы щыхуеджа нэужь, ПщыхьэщІэм и гъусэу Ливием и Триполи къалэм дин щІэныгъэ щызригъэгъуэтыну кІуащ Аслъэн. Дунейпсо ислъам институтыр абы къыщыухри, Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэзэжащ.

- Дауи, ди гъащІэр гугъуехь пыухыкІахэмкІи гъэнщІат, адэ-анэр жьжьбэмэ, хабзэмрэ бзэмрэ умыщІэмэ, дунейр дызэремысауэ хуабэ дыдэмэ. Ауэ щыхъукІи, ди щхьэм илъэр зыт: ар дин щІэныгъэ нэс зэрызэдгъэгъуэтынрати, гугъуехь псори ІэщІыб тщІащ, Алыхьыр къыддэІэпыкъури, гъэзугъэнэ кІыхь щІыпэитІа ди мурадыр къыддэхъуІащ. Куущ дин щІэныгъэр, ар упсэухукІэ бджыыли, и щІэм унэмысын жьхуиІэм хуэдэщ, - жеІэ Джэдгъэфым.

Хэкум къэкІуэжа нэужь, ипэщІыкІэ ар ислъам институтым щылэжьащ егъэджакІуэу. Іэдиикъ жьлэми я раис-Римамму 1998 гъэм щегъэжьауэ 2000 гъэ пщІондэ щытащ. ИужькІэ ислъам институтым и учІэщІым и къуэдзэ ящІащ. 2016 гъэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и муфтийм и къуэдзэщ.

Аслъэн упщІэкІэ зыхуэзыгъаазэ дэтхэнэ зыми абы и дежь жэуап нэс щегъуэт. И къаруми и зэманми емыблэжу, дин щІэныгъэм зэрызригъэубгъун Іуэку Джэдгъэфым зэрехуэри, и мурадыфІхэр къехъулІэну ди гуапэщ.

#Ислъамым и нур

● Бегъымбархэм ятеухуауэ

Телъыджэт Сулеймэн и гъащІэр

Шэч хэлъкъым Алыхьым нэхъыфІ дыдэу илъагъуу кІуагъэщІа цІыхухэр бегъымбархэмрэ ІыкІыуэ-хэмрэ арауэ зэрыщытым. Алыхьым и лІыкІуэ дэтхэнэ зыми я Іиманыр игъэнэхун мурадкІэ, Тхьэм ахэр гугъуехь куэдым ІуигъэщІащ, уеблэмэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми и гъащІэ псори гугъуехь защІэкІэ гъэпсат. Ахэр псори мусЛъымэну зэрыщытам шэч хэлъкъым. ЛІыкІуэхэм зыри яхэтакъым Алыхьыр зэрызакъуэр, лІыкІуэ псори Абы зэрищыпІыр, иужь дыдэ къэкІуэну лІыкІуэм (Мухьэмэд бегъымбарым) къытхуихьыну диныр цІыхубэ псоми зэрадиныр зымыщІа. Ауэ ар зэхэзыхьну уеяхэр мащІэт.

Бегъымбархэр Алыхьым и нэфІыр зыщыхуа цІыхухэщ, абыхэм я гъащІэхэр тІыхь хуащІащ ДыкъэзыгъэщІам и закъуэныгъэм-рэ арэзыщІынигъэмрэ щІыкуБэр хураджэным. Тхьэм бегъымбархэм ябгъэдилъхьащ цІыху къызэрыгуэкІхэм яхузэфІэмыкІын къалэн, пэжагърэ акъылкІи псоми яригъэфІэкІащ. ЛІыкІуэ къэс зэфІэкІ щхьэхуэ яхуигъэфэщащ.

Алыхьым и нэфІыр зыщыхуа лІыкІуэ Суле́йманы зэфІэкІ телъыджжэхэр Тхьэм къыбгъэдилъхьат. ПсэущхьэхэмкІ къуалэбзуэмэ я бзэр ищІэу, абыхэм епсалъэу щытащ ар. КъищынэмыщІауэ, цІыхухэм я мызакъуэу жинхэри, шейтІанхэри, жыыбгъэри а лІыкІуэм и жыІэм (Алыхь Іэмырк1э) щІигъэтыфырт, уеблэмэ, щІы къурейм я унафэ ищІырт.

Сулеймэн Тхьэм зыхуигъаазэри елъэІуат: «Алыхь закъуэ! СынолъэІу си учІэкІэ зыми яМыІэну зэфІэкІкІэ укъыскуэупсэну!». Къыштхьэщытым фІыуэ илъагъуа и пщылІым и лъэІур къабыл ищІри, ар къигъэщІахэм я тепщэ ищІащ.

КъурІэным къыщокІуэ: «Дэ щІэныгъэ ябгъэдэтлъхьащ Даудрэ Сулеймэнрэ. Абыхэм жаІаш: «ФІыщІэр зейр Алыхьырщ, Тхьэр зи фІэщ хъу и пщылІхэм дакъыззэрыхихамкІэ». Мы Іэятым щыгъуаз дещІ лІыкІуэхэу Даудрэ Сулеймэнрэ (Дауд Сулеймэн и адэщ) щІэныгъэ кууклІэ Алыхьыр зэрахуэупсам.

Къуалэбзуэхэм, псэущхьэхэмк, жинхэмк, шейтІанхэмк, жыыбгъэмк я тепщэ лІыкІуэ лъапІэ Сулеймэн и жыІэр тІу ямыщІу, зэпІэззэрыту, псори едАІуэхэт. Алыхьым и псалъэу КъурІэным итащ: «Ар Дэ тыгъэ пхудощІ» (*ищхьэкІэ къыщедбжэкІа псоми Сулеймэн тепщэ зэрахуищІарщ Іэятым зи гугъу ищІыр).*

КъурІэным итщ: «Ахэр (Сулеймэн и дзэрщ зи гугъу ищІыр) хъумпІэцІэджкэм я щІынальэм щынэсам, хъумпІэцІэдж анэм жиІащ: «Уа хъумпІэцІэджкэ! ПсынщІэу фи псэупІэхэм фыщІыхьэж, Сулеймэнрэ и дзэмрэ гу къыфлъамытэу фІапІыпІынкІэ хъунущ». Ар щыхэхиым лІыкІуэр пыгуфІыкІащ икІи жиІащ: «КІэух имыІэу фІыщІэ пхузощІ, си Тхьэ, гущІэгъу къысхуэпщІу къызбгъэдэлъпІа щІэныгъэм папщІэ!».

НэгъуэщІ зы хъыбар хьэлэмэти щыІэщ. Сулеймэн и дзэр егъэлеяуэ куэд хъурт (абы хиубыдэрт цІыхухэри, жинхэри, шейтІанхэри, къуалэбзуэхри, псэущхьэхэри). Псори сатырурэ гуэшакэт, лІыкІуэм и жьэм къыжьэдэкІ дэтхэнэ зы унафэри ягъэзэщІэну хьэзырхэт. Сулеймэн я гупым яхэплъэри, зы хьэрхьуп закъуэ къызэрытым гу лъитащ. Ар щилъагъуэм жиІащ: «Мыр сыт, хьэрхьупыр щхьэ сымылъагъурэ?». Ауэ щыхьэкІи, ищІэрт ар ІэмалынщагъэкІэ къызэрыкІэрыхуар. Хъыбар кІихьри, мыгувэу хьэрхьупыр къэлъэтэжащ.

ЛІыкІуэм хьэрхьупым унафэ хуищІащ: «Гъэзэжи, мы тхыгъэр пащтыхь гуащэм Іэрыгъэхьэ, жиІэми едаІуэ». Тхыгъэм итт: «Бисмиллахьи ррахьмани ррахьим! Сэ фыкъызэфІэкІыну фыхэмыт. ЖысІэм шэч къытеввмыхьэу фыкъызэдаІуи, мусЛъымэн фыхъу!».

Пащтыхь губзыгъэм унафэ гуэр и закъуэ ищІыну хуежьакъым. Абы нэхъыжьхэр зэхуишэсри, ищІэнымкІэ ечэнджэщащ. Къызэхуэсасхэм унафэ ящІат лІыкІуэм езэуэну, ауэ ар пащтыхь гуащэм идакъым. Абы жиІащ: «Сулеймэн цІыху акъылыфІэщ, щы хъурейр и жьыІэм щІэтщ, дыпэщІэжьакІэ мыхьэнэ къикІынукъым. Апхуэдэу щыщыткІэ, тыгъэхэр фэзгъэхьрэ фыхуэзгъакІуэмэ нэхъыфІщ».

Тыгъэхэр зыІыгъуу лІыкІуэм деж кІуахэм Сулеймэн закъыхуигъэзащ: «Фэ къэфхьа хъугъуэфІыгъуэхэм сыхуейуэ щхьэ къыфщыхъуа? ФІыгъуэу щыІэм я нэхъыфІымкІэ Тхьэр къыхуэупсащ - ар Алыхьым и фІэщхъуныгъэрщ. Си дзэр несшэжьэнурэ сыныфхыхьэнущ».

А псалъэхэр зыхуахьыжа пащтыхь гуащэр езыр къызэрыхуэкІуэнур къызыгурыІуа Сулеймэн и дзэм захуигъаззри щІэупщІащ: «Пащтыхьым и тахъгэр хэт къысхуихьын?». Жинхэм ящыщ нэхъ лъэрызехьэ дыдэм жэуап кІытащ: «Уи напІэр къэпІэтыну ухунэмыс щІыкІэ ар къыпхуэзгъэсынщ».

Пащтыхь гуащэр къэмыс щІыкІэ тахъгэр Сулеймэн и деж къахьэсащ, къищынэмыщІауэ, Іиман къыщІихьын телъыджв куэд и нэгу щІэкІащ абы. Алыхьыр зэрызакъуэмкІэ Іиман къихьащ пащтыхь гуащэм, ислъам динри апхуэдэу къищтащ.

Іиман Абу Хьэнифэ и Іущагъыр

ЦІыхухэм я зэхуаку къыдахъуа зэдауэр и щхьэусыгъуэу, Абу Хьэнифэ Тхьэр арэзы зыхуэхъуныр ираджат, Іэхур зыІутым щыгъуазэ ящІу, псалъэмакъ къыхилъхьэм едэІуэну. Абу Хьэнифэ ахэр къигъэгугъами, щыжиІа зэманым нэсакъым, атІэ фІыуэ зигъэгуращ. Зыхьхьа гупым сэлам ярихри, щІэгувам и щхьэусыгъуэр яжриІащ Абу Хьэнифэ абы къыпэплъахэм.

- Сэ лъэмыжым сыкъыщикІынум телъыджэ гуэрым сыІуащІащ. Псым къъухь тетт, псы Іуфэм деж къэп щыпт. Къэпыр езыр-езырурэ кхъухьым ипкІащ, зыри зэрымыс кхъухьыр езыр-езырурэ адрей псы Іуфэм кІуэри, абы ипкІа къэпыр къикІащ, - жиІащ Абу Хьэнифэ. Ар псоми телъыджэ ящыкъуащ, икІи жаІащ ар зэрыфІэщщІыгъуейр, апхуэдэ къызэрымыхъунур. Абы щыгъуэм Абу Хьэнифэ жиІащ: «АтІэ, дауэ фхужьІэрэ, дунейр езыр-езыру къхъхуауэ?!»

Дунейр тутнакъэщщ

Мухьэмэд бегъымбар лъапІэм жиІащ: «Іиман зыбгъэдэлъ цІыхум деж кІэ, дунейр тутнакъэщщ».

ГУЗЭВЗГЪУЭ зыхьы-лъэІэс цІыхум и гугъэщ Алыхьым и нэлатыр къыщІитрилъхьауэ, ауэ ар пэжкъым. Гузэвэгъуэри Тхьэм и гущІэгъуэхэм ящыщ зыщ, цІыхур дунейм щІытетым иригъэгупсысу. ДыкъэзыгъэщІар цІыхум и гум къэкІынукъым, езым и щхьэм къэмысауэ. Гужьеигъуэ ихуаращ Тхьэм зыхуэзыгъаззу Абы елъэІур. Тхьэр дэ ди лъэІум зыкІи хуэныкъуэкъым, ауэ дэ дыхуэныкуэщ Абы и гущІэгъум.

Бегъымбарым жиІащ: «Дэтхэнэ зы цІыхур Тхьэм егъэунэху, икІи абы и Іиманым елъытатуэщ ар зэригъэунэхури. Іиман щыпкъэ зыбгъэдэлъхэр нэхъ гугъуехь куэд ІущІэнкІэ хъунущ. Бегъымбар лъапІэхэр къызэрыгуэкІ цІыхухэм нэхърэ Тхьэм дежкІэ нэхъ лъапІэщ, ауэ щыхъукІи, Тхьэм ахэр зэригъэунэху щыкІэр иджыпсту зыми яхуэшэчынукъым. Ауэ Алыхьым абыхэм я нейр щыхуауэ аракъым, атІэ ари Тхьэм и гущІэгъум щыщщ, дэ псори абы дыщымыгъуаазэми.

Тхьэм цІыхур лъэныкъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ егъэунэху: щхьэгъусэкІэ, бынкІэ, мылькукІэ, узынщагъэкІэ, н. кь. Апхуэдэхэм деж Іиманыншэ ухуэ хъунукъым, дапхуэдиз гугъуехь уи псэм темылъами, ДыкъэзыгъэщІам фІыщІэ хузщІын хуейщ, шыІэныгъэ зыхъгъэлъын хуейщ, Алыхьым тхуэмышэчын къыттрилъхьэркъым».

КъурІэн лъапІэми къыщыкІащ, хьэдисми къыджеІэ шыІэныгъэ зыхэлъым и псапэр зэрыгуанапхэншэр. ШыІэныгъэ зыхэлъым Алыхьыр зэрыхуэупсэну ФІыгъуэм щІэи гъуи иІэкъым. Абы кІэ Тхьэм и пщыІхэр дыкъигъэгугъащ. Хьэдисым къыщыкІуащ дунейр тутнакъэщщ зэрыхуэдэр, дыпсэуху гугъуэхь дызэрыІущІэнур.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛОКЪУЭ Люсаннэщ.**

● Мэжджыт цІэрыІуэхэр

Дамаск дэт «Амауи» мэжджытыр дуней псом щынэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. Абы и теплъэр апхуэдизкІэ дахэщи, ар зэ зылъэгъуам зэи и гум ихужьынукъым.

Иджыпсту а мэжджытыр здэщытым деж ялэм ухуэныгъэ ин гуэр щыІащ. Ар мусЛъымэнхэм къащхьухьащ, тхьелъэІупІэ тращІыхьыным папщІэ. Пащтыхь Абдул Малик и къуэ Уэлид дуней псом яфІэтелъыджэу мэжджыт ихуэну мурад щищІым, абы зэхуишэсат дунейм архитектор нэхъ лъэщ дыдэу тетхэр. Абы трагъэкІуэдащ илъэсиблым къриубыдэу Сириием налог хэхъуэу иІар, дыщэрэ дыжьыну, мывэ лъапІэу мэжджытым пкъралъхьар хэмыту. Ар ухуэным илъэсипщІкІэ цІыху мин 12 елэжьащ.

Мэжджытым и кІыхьагъщ метри 157,5-рэ, и бгъуагъыр метри 100 мэхъу. Аэн джапІэу плІы иІэщ, нэмэз щащІ пэшым метри 136-рэ и кІыхьагъщ, и бгъуагъыр метри 37-рэ мэхъу. Абы и кІыхьагъкІэ алэрыбгъу нэхъ лъапІэ дыдэм щыщ илъщ. Мэжджытым и ныбжьыр илъэс минрэ щищым щІигъащ, а зэманым къриубыдэу Сириием иджы щекІуэкІа зауэми Тхьэм щихъумащ мэжджытыр.

Сурэтхэм: **мэжджытым и ІуплъапІэмрэ и кІуэцІымрэ.**

● Фи лъэІукІэ

Дыгъэгъазэм и нэмэз щІыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичынджыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, мэрем	05.49	07.19	12.05	14.22	16.31	18.11
2, щэбэт	05.50	07.20	12.05	14.22	16.30	18.10
3, тхъэмахуэ	05.51	07.21	12.05	14.22	16.30	18.10
4, блыщхьэ	05.52	07.22	12.06	14.22	16.30	18.10
5, гъубж	05.53	07.23	12.06	14.22	16.30	18.10
6, бэрэжьей	05.54	07.24	12.07	14.21	16.30	18.10
7, махуэку	05.55	07.25	12.07	14.21	16.30	18.10
8, мэрем	05.56	07.26	12.08	14.21	16.29	18.09
9, щэбэт	05.57	07.27	12.08	14.21	16.29	18.09
10, тхъэмахуэ	05.58	07.28	12.08	14.21	16.29	18.09
11, блыщхьэ	05.58	97.28	12.09	14.22	16.30	18.10
12, гъубж	05.59	07.29	12.09	14.22	16.30	18.10
13, бэрэжьей	06.00	07.30	12.10	14.22	16.30	18.10
14, махуэку	06.01	07.31	12.10	14.22	16.30	18.10
15, мэрем	06.02	07.32	12.11	14.22	16.30	18.10
16, щэбэт	06.02	07.32	12.11	14.22	16.31	18.11
17, тхъэмахуэ	06.03	07.33	12.12	14.23	16.3	18.11
18, блыщхьэ	06.04	07.34	12.12	14.23	16.31	18.11
19, гъубж	06.04	07.34	12.13	4.23	16.32	18.12
20, бэрэжьей	06.05	07.35	12.13	14.24	16.32	18.12
21, махуэку	06.05	07.35	12.14	14.24	16.33	18.13
22, мэрем	06.06	07.36	12.14	14.25	16.33	18.13
23, щэбэт	06.06	07.36	12.15	14.25	16.34	18.14
24, тхъэмахуэ	06.07	07.37	12.15	14.26	16.34	18.14
25, блыщхьэ	06.07	07.37	12.16	14.26	16.35	18.15
26, гъубж	06.07	07.37	12.16	14.27	16.36	18.16
27, бэрэжьей	06.08	07.38	12.17	14.28	16.36	18.16
28, махуэку	06.08	07.38	12.17	14.28	16.37	18.17
29, мэрем	06.08	07.38	12.18	14.29	16.38	18.18
30, щэбэт	06.08	07.38	12.18	14.30	16.39	18.19
31, тхъэмахуэ	06.08	07.38	12.19	14.30	16.39	18.19

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Іуэхущ1апІэм къыдитащ.

Сабий гумащІэ

Хьумар Ибн Абдуллахь и псэ хьэлэлагъымкІэ щэрыІуэт. Зэгуэрым ар ІуэщІащ щІэхьэуэ тІэкІу ищхыу щІым щыс щІалэ цІыкІуэм. Ар щІакхъуэм зэ едзакъэмэ, етІуанэ Іыхьэр къыпичырти, хьэм иритырт.

Хьумар абы еупщІащ:

- Мы хьэр ууей?

- Хьэуэ, - жэуап къитащ щІалэ цІыкІуэм.

- АтІэ щхьэ бгъашхэрэ? - жиІэу щыщІэупщІэм, сабийм жэуап кІытащ:

- Сэ сышхэфынукъым, хьэ мэжаліэр къызэпитку.

Сабий гумащІэр зэнщІэу и псэм фІыуэ илъэгъуащ Хьумар икІи еупщІащ:

- Уэ упщьлІ?

- Мы жыг хадэшхуэр зейм срипщылІщ, - жэуап итащ сабийм.

Хьумар ІукІыу зы тэлайкІэ къэта нэужь, къыІухьэжри, щІалэ цІыкІум къыжриІащ:

- Нобэ щегъэжьауэ упщылІыжькъым, мы жыг хадэшхуэри къыпхуэсщэхуауэ ууейщ.

ЩІалэ цІыкІум къигуфІам ГъунэІ иІэжьым... А цІыкІум жиІащ:

- Уэ ущыхьэту Тхьэ соІуэ, мы жыг хадэшхуэм къисхыр тхъэмыщщкІэхэм ятеэгъэнкІэ.

Сабийм бгъэдэлъ Іыманыр фІэтелъыджэу, Хьумар щІэупщІащ:

- Уэ езыр ухуэныкъуэщ, дауэ адрейхэм зэратебгъэкІуэдэнур?

- Апхуэдиз мылъкукІэ къысхуэупса сышымыкІытэу, си закъуэ дауэ сшхын ар? - жэуап кІытащ сабийм.

Зэныбжьэгъуищымрэ къэп цІыкІумрэ

Муслъымэн псоми ди зэхуэдэ хьид махуэшхуэр къыщыблагъэм, Абу Абдуллахь и щхьэгъусэм жиІащ: - «Пщэдей хьидщ, ди сабийхэм ящытІэгъэн щыгъыныщІэ диІэжьым. Уэ къэблэжьар тхъэмыщкІэхэм яхуэбгуэшащ. Уи ныбжьэгъум елъэІуи, къеІых ахъшэ щІыхуэ».

Абу Абдуллахь Іиман щыпкъэ зыбгъэдэлъ ныбжьэгъуитІ иІэт: Хьищамрэ Усамэрэ. Ахъшэ щІыхуэ зэрыхуеймкІэ хъыбар зэрыт письмор Хьищам деж иригъэхьащ унэІутым. Динарищэ зэрылъ къэп цІыкІур къыщІихри, унэІутым къритащ, си ныбжьэгъум схуетыж, сиІэр мыращ, - жиІэри. Абы щыгуфІыкІа унагъуэр щэхуакІуэ дэкІын пэтрэ, я бжэм зыгуэр къытеуІуащ. Абу Абдуллахь и ныбжьэгъу Усамэ и унэІутыр щыт, Усамэ ахъшэ щІыхуэр щхьэкІэ къызэрельэІур зэрыт письмор иІыгъыу.

Ар щилъагъум, щІыхуэу къищта ахъшэм зы динаркІи хэмылэбэу хуригъэхьащ и ныбжьэгъум. Зы тэлай дэкІри, бжэм аргуэру зыгуэр къытеуІуащ. Абдеж щытт ахъшэ щІыхуэ къызэІиха Хьищам, динарищэ зэрылъ и къэп цІыкІур иІыгъыу.

Хьищам гуапэу и ныбжьэгъум къеупщІащ:

- Мы къэпыр уи унэІутым къыпхуэзгъэхьаракъэ?

- Уэлэхьи арам! - жиІащ Абу Абдуллахь, къэпыр зэпиплъыхьа нэужь.

- АтІэ зы динари хэмыцІу мы къэпыр си деж къызэрыкІуэжар дауэ? - игъэщІэгъуащ Хьищам.

Іуэхур зыІутыр мырат: Абу Абдуллахь ахъшэ щІыхуэр щхьэкІэ и ныбжьэгъу Хьищам щелъэІум, абы иІэр динарищэ къудейти, псори къыхуригъэхьат и ныбжьэгъум. Апхуэдэу щыхъум, езы Хьищам ахъшэ щІыхуэр щхьэкІэ елъэІуащ адрей я ныбжьэгъу Усамэ. Усамэ езым ахъшэ иІэтэхъыми, и ныбжьэгъу Абу Абдуллахь къелъэІуащ. Абу Аблуллахь къищта щІыхуэм хэмылэбэу, и ныбжьэгъу Усамэ хуригъэхьащ. Усамэ абы зы динаркІи хэмылэбэу и ныбжьэгъу Хьищам хуригъэхьащ. Мис апхуэдэ щІыкІэкІэ динарищэ зэрылъ къэп цІыкІум зэныбжьэгъуищым я унагъуэм къыщикІухьащ.

Ар зэхэзыхьа елисфым зэныбжьэгъуищми тыгъэ яхуищІащ динар щэрыщэ.

Зэныбжьэгъуищымрэ къэп цІыкІумрэ

И Іэщіагъэр и щІэщыгъуэу

● Щапхъэ

Адыгэбзэмрэ литературэмрэ курыт школым тэмэму щезыгъэдж Іэщіагъэлізкіэ и мащІэкъым Аруан щІыналъэм. Абыхэм яхэтщ лъэпкъ-псо проектхэм ялкъ иткІэ екІуэкІ зэпеуэхэм жыджэру зыкъыщы-зыгъэлъагъуэхэр, щІыпІэм, республикэм къыщыхалъхьэ Іуэху-гъуэфІхэм я жэрдэмщІакІуэхэр. Апхуэдэ егъэджакІуэ пажэхэм яхэплъытэ хъунущ Къэхъуи къуаж-жэм дзэ курыт школ №1-м ди анэдэлъхубзэр илъэс куэд лъандэрэ сабийхэм езыгъэдж, щІэблэм я гъэсакІуэ, унэтІакІуэ Гъащтэ (Ефэнды) Анетэ Сулътан и пхъур.

ЖЭУАПЛЫНЫГЪЭ зыпылъ а Іэнатіэм илъэс 35-м нэсауэ пэрыт егъэджакІуэ щыпкъэм ф1ыкъэ къыгурОуэ сабийр хэкупсэу, и анэдэлъхубзэм пщІэ хуищІу, ар Іурылъу къэгъэтэджыныр лъэпкъ гъэсэныгъэкІэ дыздэжж унэтІыныгъэм и къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Анетэ къыззрилъытэмкІэ, апхуэдэ лэжьыгъэм и жэрдэмщІакІуэу икІи зэхуэблакІуэу щытын хуей щІыкІуэм ящыщу анэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэхэр. Лъэпкъепсо мыхьэнэ зиІэ а Іуэхур ныкъусаныгъэнщэу зэфІэхыным егугъуу и лэжьыгъэр ирехькІ Гъащтэм. Егъэджакіуэу зэрылажьэрэ куэд щІами, абы зэи къыІэщІэжагъэрэкъым и Іэщіагъэр. Абы зэрыжиІэщи, егъэджакІуэфІу ущытын папщІэ, уи предметым куууэ хэпщІыкІыныр мащІэщ, атІэ уи лэжьыгъэр зэребгъэфІэкІуэным ухущІэкъуу, егъэджэныгъэм къыхьхьэ мардэщІэкъэр абы къыщыбгъэсэбэпэфу ущытын хуейщ. Зэманым декІуу ултэжьэн, лъэхъэнэм хуэкІуэ щІэблэ бгъэсэн папщІэ, апхуэдэ жыджэрагъ хэлъыпхъэщ егъэджакІуэ нэсым.

Егъэджакіуэ Іэщіагъэм иджыри сабийуэ гу хуищІащ Анетэ. Аушыджэр къуажэм щыпсэу Ефэндыхэ Сулътанрэ КІунэрэ здгъэгъуэта бынитхум ящыщщ ар. Хъыджэбз щІыкІур лъэпкъ таурыхъэм, хъыбархэм драгъэхъащ и нэхъыжьхэм, пэщІэдзэ школым щезыгъэджа Ефэнды Хьэбцини абы адыгэбзэр фІыуэ иригъэлъэгуащ.

- Ди адэр пасэу дунейм ехьжьри, ди анэм сабиитхур дыкъыхуэнат дигъэсэн, зыхуей дыхуигъэзэн хуейуэ. Куэд и фэ дэкІащ а тхъэмыщІкІэм, ауэ, сыт хуэдэу гугъу емыхьами, абы хуэзфІэкІащ бынхэм тщынщ дэтхэнэри гъащІэм Іъыгу зауэ дыгъэгъуэуэн, дызэрыпсэуэн Іэщіагъэ дигъэгъуэтын, - и сабиигъуэр игу къеГъэкІыж Анетэ. - ЩІэнэфІэ нэхъыщхьэ зэзгъэгъуэтыным сэ нэхърэ нэхъ и нэхъыкІыр си анэм. АбикІэ дэІэпыгъуэгъушхуэ, щапхъэ нэс къысхуэхъуауэ щытащ си адэ къуэшым и щхьэгъусэ, егъэджакІуэ Іэзэу щыта Ефэнды Хьэбцинэ. Сэ куэдрэ сыкІэлъыплъыт абы и лэжьэкІэм, сехьуапсэрт ар и еджакІуэхэм зэрахэтым, слъагурт ящдолажьэхэм къыхуащІ пщІэр, езым и Іэщіагъэм хуиІэ лъагъуныгъэр. Анэдэлъхубзэм и къулеигъыр, и Іэфіагъыр нэсу зыхьзигъэщІащ Хьэбцинэ икІи сэ мурад сщІащ абы и лъэужьым сриКІуэну. Апхуэдэу, си анэм и гушхуэныгъэмрэ егъэджакІуэм и фІэщхъуныгъэмрэ си гъуэзэу курыт школыр ехьэлІэныгъэ сиІэу къэзухащ. Си щІэныгъэм адэкІэ щыхэзгъэхъуащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым урысыбзэмрэ адыгэбзэмкІэ и къудамэм.

1983 гъэ лъандэрэ Анетэ щолажьэ Къэхъуи дэт курыт школым. Пэжыгъэри еджэнри зэдихьу илъэс зыбжанэ ирихьэкІащ абы. ГъащІэр лъэпощхьэпоунщэ зэи хъуркъым, ауэ егъэджакІуэр хущІэкъуащ и щхьэ, и унагъуэ Іэхуэхэр лэжьыгъэм зэран хуимыгъэхъуным. Егъэджэныгъэм яп1э лъэбакъуэкІэр щыхичэм, абы сыт щыгъуи дэІэпыкъуэгъу, чэнджэщэгъу къыхуэхъуащ а зэманым школым адыгэбзэр щезыгъэджэху щыта Езий Еленэ, Жамбокъ Іэуес сымэ, щапхъэу икІи унэтІакІуэу иІащ зыхэхуа гупым и нэхъыжьыф1эхр.

Абыхэм я сэбэпу егъэджакІуэ ныбжьыщІэм къеКІамрэ зыхищІа гуапагъэмрэ къаруэрэ гушхуэныгъэрэ къыхалъхьэу, бгъэдэлъ щІэныгъэр и гъэсэныгъэм Іэпкъ лъагъэм хыхьащ Гъащтэр, анэдэлъхубзэм и дуней теІыдыжэр, абы и зэфІэкІ гъунапкъэм хэщІэн еджакІуэ щІыкІуэм къаухуэнщІ. Зэманым декІуу ултэжьэн, лъэхъэнэм хуэкІуэ щІэблэ бгъэсэн папщІэ, апхуэдэ жыджэрагъ хэлъыпхъэщ егъэджакІуэ нэсым.

ЕгъэджакІуэ Іэщіагъэм иджыри сабийуэ гу хуищІащ Анетэ. Аушыджэр къуажэм щыпсэу Ефэндыхэ Сулътанрэ КІунэрэ здгъэгъуэта бынитхум ящыщщ ар. Хъыджэбз щІыкІур лъэпкъ таурыхъэм, хъыбархэм драгъэхъащ и нэхъыжьхэм, пэщІэдзэ школым щезыгъэджа Ефэнды Хьэбцини абы адыгэбзэр фІыуэ иригъэлъэгуащ.

- Ди адэр пасэу дунейм ехьжьри, ди анэм сабиитхур дыкъыхуэнат дигъэсэн, зыхуей дыхуигъэзэн хуейуэ. Куэд и фэ дэкІащ а тхъэмыщІкІэм, ауэ, сыт хуэдэу гугъу емыхьами, абы хуэзфІэкІащ бынхэм тщынщ дэтхэнэри гъащІэм Іъыгу зауэ дыгъэгъуэуэн, дызэрыпсэуэн Іэщіагъэ дигъэгъуэтын, - и сабиигъуэр игу къеГъэкІыж Анетэ. - ЩІэнэфІэ нэхъыщхьэ зэзгъэгъуэтыным сэ нэхърэ нэхъ и нэхъыкІыр си анэм. АбикІэ дэІэпыгъуэгъушхуэ, щапхъэ нэс къысхуэхъуауэ щытащ си адэ къуэшым и щхьэгъусэ, егъэджакІуэ Іэзэу щыта Ефэнды Хьэбцинэ. Сэ куэдрэ сыкІэлъыплъыт абы и лэжьэкІэм, сехьуапсэрт ар и еджакІуэхэм зэрахэтым, слъагурт ящдолажьэхэм къыхуащІ пщІэр, езым и Іэщіагъэм хуиІэ лъагъуныгъэр. Анэдэлъхубзэм и къулеигъыр, и Іэфіагъыр нэсу зыхьзигъэщІащ Хьэбцинэ икІи сэ мурад сщІащ абы и лъэужьым сриКІуэну. Апхуэдэу, си анэм и гушхуэныгъэмрэ егъэджакІуэм и фІэщхъуныгъэмрэ си гъуэзэу курыт школыр ехьэлІэныгъэ сиІэу къэзухащ. Си щІэныгъэм адэкІэ щыхэзгъэхъуащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым урысыбзэмрэ адыгэбзэмкІэ и къудамэм.

1983 гъэ лъандэрэ Анетэ щолажьэ Къэхъуи дэт курыт школым. Пэжыгъэри еджэнри зэдихьу илъэс зыбжанэ ирихьэкІащ абы. ГъащІэр лъэпощхьэпоунщэ зэи хъуркъым, ауэ егъэджакІуэр хущІэкъуащ и щхьэ, и унагъуэ Іэхуэхэр лэжьыгъэм зэран хуимыгъэхъуным. Егъэджэныгъэм яп1э лъэбакъуэкІэр щыхичэм, абы сыт щыгъуи дэІэпыкъуэгъу, чэнджэщэгъу къыхуэхъуащ а зэманым школым адыгэбзэр щезыгъэджэху щыта Езий Еленэ, Жамбокъ Іэуес сымэ, щапхъэу икІи унэтІакІуэу иІащ зыхэхуа гупым и нэхъыжьыф1эхр.

Абыхэм я сэбэпу егъэджакІуэ ныбжьыщІэм къеКІамрэ зыхищІа гуапагъэмрэ къаруэрэ гушхуэныгъэрэ къыхалъхьэу, бгъэдэлъ щІэныгъэр и гъэсэныгъэм Іэпкъ лъагъэм хыхьащ Гъащтэр, анэдэлъхубзэм и дуней теІыдыжэр, абы и зэфІэкІ гъунапкъэм хэщІэн еджакІуэ щІыкІуэм къаухуэнщІ. Зэманым декІуу ултэжьэн, лъэхъэнэм хуэкІуэ щІэблэ бгъэсэн папщІэ, апхуэдэ жыджэрагъ хэлъыпхъэщ егъэджакІуэ нэсым.

Зи Іэнатіэм ехьэлІэныгъэфІэр щызыІэрызыгъэхьэ егъэджакІуэм унагъуэ дахэ зыхэлъ адыгэ бзылъхугъэр апхуэдэуэрэ нэсащ и зэфІэкІым и лъагаПІэхэм. Абы и гъэсэнхэр дапщэщи жыджэру хэтщ адыгэбзэмкІэ школпсо, куейпсо зэпеуэхэм. Я егъэджакІуэм бзэм хуиІэ лъагъуныгъэр псэкІэ зыхэзыщІэу абы и лъэужьым ириКІуа ныбжьыщІэхэри мащІэкъым. Абы къыгъэлъагъуэ егъэджакІуэм и лэжьыгъэр псыхэкІуда зэрымыхьур, апхуэдэуи адыгэбзэр нэхъ кууэу зыджьыну уэрыл куэд щІэбгъэлэм зэрахэтри наІуэ къещІ.

Гъащтэр хущІокъу и дерсхэр куПщІафІэу икІи хьэлэмэту, щІэщыгъуэу икІи гуКъинэу иухуэным. Абы лэжьыгъэм къыщегъэсэбэп егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ методикэм къыхьхьэ Іэмалыщ1эхэр. Апхуэдэу КупщІафІэу, екІуу, гъащІэм и Іъэныгъэуэн, дызэрыпсэуэн Іэщіагъэ дигъэГъуэтын, - и сабиигъуэр игу къеГъэкІыж Анетэ. - ЩІэнэфІэ нэхъыщхьэ зэзгъэгъуэтыным сэ нэхърэ нэхъ и нэхъыкІыр си анэм. АбикІэ дэІэпыгъуэгъушхуэ, щапхъэ нэс къысхуэхъуауэ щытащ си адэ къуэшым и щхьэгъусэ, егъэджакІуэ Іэзэу щыта Ефэнды Хьэбцинэ. Сэ куэдрэ сыкІэлъыплъыт абы и лэжьэкІэм, сехьуапсэрт ар и еджакІуэхэм зэрахэтым, слъагурт ящдолажьэхэм къыхуащІ пщІэр, езым и Іэщіагъэм хуиІэ лъагъуныгъэр. Анэдэлъхубзэм и къулеигъыр, и Іэфіагъыр нэсу зыхьзигъэщІащ Хьэбцинэ икІи сэ мурад сщІащ абы и лъэужьым сриКІуэну. Апхуэдэу, си анэм и гушхуэныгъэмрэ егъэджакІуэм и фІэщхъуныгъэмрэ си гъуэзэу курыт школыр ехьэлІэныгъэ сиІэу къэзухащ. Си щІэныгъэм адэкІэ щыхэзгъэхъуащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым урысыбзэмрэ адыгэбзэмкІэ и къудамэм.

1983 гъэ лъандэрэ Анетэ щолажьэ Къэхъуи дэт курыт школым. Пэжыгъэри еджэнри зэдихьу илъэс зыбжанэ ирихьэкІащ абы. ГъащІэр лъэпощхьэпоунщэ зэи хъуркъым, ауэ егъэджакІуэр хущІэкъуащ и щхьэ, и унагъуэ Іэхуэхэр лэжьыгъэм зэран хуимыгъэхъуным. Егъэджэныгъэм яп1э лъэбакъуэкІэр щыхичэм, абы сыт щыгъуи дэІэпыкъуэгъу, чэнджэщэгъу къыхуэхъуащ а зэманым школым адыгэбзэр щезыгъэджэху щыта Езий Еленэ, Жамбокъ Іэуес сымэ, щапхъэу икІи унэтІакІуэу иІащ зыхэхуа гупым и нэхъыжьыф1эхр.

Абыхэм я сэбэпу егъэджакІуэ ныбжьыщІэм къеКІамрэ зыхищІа гуапагъэмрэ къаруэрэ гушхуэныгъэрэ къыхалъхьэу, бгъэдэлъ щІэныгъэр и гъэсэныгъэм Іэпкъ лъагъэм хыхьащ Гъащтэр, анэдэлъхубзэм и дуней теІыдыжэр, абы и зэфІэкІ гъунапкъэм хэщІэн еджакІуэ щІыкІуэм къаухуэнщІ. Зэманым декІуу ултэжьэн, лъэхъэнэм хуэкІуэ щІэблэ бгъэсэн папщІэ, апхуэдэ жыджэрагъ хэлъыпхъэщ егъэджакІуэ нэсым.

Зи Іэнатіэм ехьэлІэныгъэфІэр щызыІэрызыгъэхьэ егъэджакІуэм унагъуэ дахэ зыхэлъ адыгэ бзылъхугъэр апхуэдэуэрэ нэсащ и зэфІэкІым и лъагаПІэхэм. Абы и гъэсэнхэр дапщэщи жыджэру хэтщ адыгэбзэмкІэ школпсо, куейпсо зэпеуэхэм. Я егъэджакІуэм бзэм хуиІэ лъагъуныгъэр псэкІэ зыхэзыщІэу абы и лъэужьым ириКІуа ныбжьыщІэхэри мащІэкъым. Абы къыгъэлъагъуэ егъэджакІуэм и лэжьыгъэр псыхэкІуда зэрымыхьур, апхуэдэуи адыгэбзэр нэхъ кууэу зыджьыну уэрыл куэд щІэбгъэлэм зэрахэтри наІуэ къещ